



REPUBLIQUE D'HAÏTI

MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION

No. 110

Port-au-Prince, le 11 avril 2020

AVI-15

3èm mò anba kowonaviris nan peyi Dayiti

Ministè Sante Piblik koube l byen ba pou l enfòmè popilasyon an sou yon **3èm lanmò anba maladi COVID-19** nan peyi a pou jounen **samdi 11 avril 2020** an. Moun ki mouri a se yon **gason nan laj 57 lane ki te deja ap souvri anba maladi kè, sik, tansyon ak pwoblèm nan ren.**

Sitwayen sa a se youn pami 33 ka ki deja konfime nan peyi a jouk jounen jodi a.


Ministè a ap salye memwa konpatriyòt sa a ki pati kite nou an pandan l swete fòs ak kouraj ak fanmi, zanmi epi tout moun lanmò sa a touche.

Ministè sante piblik ap mande tout popilasyon an pou yo fè plis pridans paske maladi nouvo kowonaviris la se yon reyalyite, se ansanm n ap rive fè fas ak li lè nou:

- **rete lakay nou;**
- **toujou lave men nou ;**
- **evite mete men nan je nou, nan nen nou ak nan bouch nou ;**
- **sizoka ou ta gen ijans pou soti, toujou sonje bay tout moun 2 pa distans epi toujou mete kachnen (mas).**

KOWONAVIRIS PA YON JWET

An nou youn veye sou lòt, an nou youn pwoteje lòt!


Doktè Marie Gréta Roy Clément
Minis

